

ENSTRIKSYON POU VIZIT NAN JACKSON HEALTH SYSTEM

Vizit se yon pati enpòtan nan eksperyans ak retablisman yon pasyan, epi Jackson Health System ankouraje vizit nan yon anviwònman san danje nan klinik yo. Si yon pasyan nan yon sitiasyon espesyal ki mande pou l pa suiv enstriksyon sa yo, li ta dwe pale avèk yon direktè jeneral, direktè operasyon, direktè medikal, yon direktè swen enfimyè, direktè adjwen swen enfimyè oswa yon administratè responsab. Y ap fè eksepsyon lè sa posib ak nenpòt lè règleman leta oswa Federal yo aplike.

Selon lalwa Florida, chak pasyan kapab chwazi yon «asistan pou swen ki enpòtan» ki kapab vizite l pandan de zèdtan anplis tout limit ki nan politik sa a.



ENSTRIKSYON JENERAL POU VIZIT

- Tout vizitè yo dwe respekte egzijans aktyèl pou mete mask la, sa gen ladan mete mask ki kouvri bouch ak nen nòmalman.
 - Kachnen ki pase nan kou ak mask ki gen valv ekspirasyon ladan yo pa akseptab kòm ranplasman, epi Jackson ap bay yon mask jetab nan plas sa.
 - Vizitè ki nan zòn sansib oswa sila yo k ap vizite pasyan ki vrèman kontajye – tankou moun ki gen COVID-19 – dwe mete mask N95 ki kouvri bouch ak nen yo toutan. Epitou, yo kapab oblije mete lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) yo yon fason ki apwopriye pou respekte prensip anplwaye Jackson yo ap respekte nan menm espas la.
- Vizitè yo dwe prezante nan yon pòs sekirite pou yo jwenn yon badj vizitè ki dwe sou yo pandan tout tan an. Lè vizitè yo prale, yo dwe prezante nan yon pòs sekirite pou yo ka asire pwòch yo kapab resevwa lòt vizitè.
- Jackson gen dwa pou kontwole vizitè yo epi pou pran tanperati yo. Vizitè ki malad oswa ki gen lafyèv, nen k ap koule larim, tous ki pèsiste, souf kout, kè plen, vomisman ak/oswa dyare pa otorize pou antre nan etablisman nou yo. Envite yo konfime ki gen COVID-19 oswa yo sispèk ki gen COVID-19 oswa ki te gen kontak dirèk ak yon moun yo konfime ki gen COVID-19 p ap otorize pou yo antre. Yo kapab bezwen rekontwole vizitè ki kite etablisman an pou yo kapab antre.



ENSTRIKSYON POU VIZIT PASYAN KI ENTÈNE

- Majorite pasyan ki entène yo kapab gen jiska de (2) vizitè anmenmtan soti 8:00 am pou rive 8:00 pm chak jou. Lòt vizitè yo dwe ret tann deyò oswa vini yon lòt fwa. Manm pèsònèl ki nan sal la ap avèti vizitè yo 15 minit anvan lè vizit yo fini.
 - **Pasyan ki nan pedyatri yo**, tankou moun ki nan swen entansif, kapab gen toulede vizitè yo ki rete pase nuit lan.
 - **Pasyan ki nan matènite yo** kapab gen yon vizitè ki rete pase nuit lan.
 - **Pasyan ki granmoun ki nan swen entansif** ka resevwa jiska de (2) vizitè pandan lè vizit yo bay yo, youn ladan yo otorize pou pase nuit lan. Nan inite swen entansif semi prive yo oswa espas ki pataje yo, yon vizitè ka pase nuit lan nan yon sal datant yo ki la pou sa epi vini bò kote pasyan an nan moman ki detèmine, sa k ap pèmèt fanmi an la pandan y ap pwoteje entimite ak sekirite pou swen y ap bay pasyan an.
 - **Tout lòt pasyan ki granmoun yo** kapab mande apwobasyon administrasyon an tou pou yon vizitè ki rete pase nuit lan.
 - **Pasyan sante konpòtmantal yo**, tankou adiilt ak timoun, kapab gen yon vizitè pandan inèdtan pa jou selon orè ki annapre a:
 - **Jackson South Medical Center:** 5:30 pm jiska 7:30 pm chak jou
 - **Lopital Jackson Behavioral Health:** 4:30 pm jiska 6:30 pm chak jou
 - **Jackson Community Mental Health Center (CSU):** 5:00 pm jiska 6:00 pm chak jou

- Timoun ki poko gen 12 lane yo kapab vin vizite pandan lè vizit yo akondisyon gen yon granmoun ki vini avèk yo epi yo resevwa otorizasyon pasyan an oswa moun pasyan an chwazi pou reprezante li a epi ekip ki ap pran swen pasyan an. Pou Behavioral Health, yo pa pèmèt vizit pou moun ki gen mwens pase 18 an.



ENSTRIKSYON POU VIZIT PASYAN KI PA ENTÈNE

- Pifò pasyan kapab gen jiska de konpanyon nenpòt kilè. Si yo entène pasyan an, politik depatman pou entène moun nan ap aplike yon fwa yo transpòte pasyan an.
 - Jackson pa bay swen pou timoun pandan randevou yon pasyan ki granmoun; timoun yo pa dwe rete san siveyans nan resepsyon oswa gran rantre yo.



ENSTRIKSYON POU VIZIT SWEN ALONTÈM

- Nou otorize vizit nan etablisman swen alontèm nou yo, jan Leta egzije sa.



EKSEPSYON AK LÒT POLITIK

- Selon lalwa Florida, chak pasyan kapab chwazi yon «asistan pou swen ki enpòtan» ki kapab vizite li pandan de zèdtan anplis tout limit ki nan politik sa a.
- Lalwa Florida ranplase tout politik sou vizit, sa ki pèmèt tout pasyan kapab genyen yon vizitè selon kèk kritè, ki gen ladan:
 - Sitiyasyon fen lavi.
 - Pasyan ki t ap viv ak fanmi anvan yo te entène epi k ap lite ak chanjman anviwònman epi lefètke pa gen manm fanmi ki la pou sipòte yo.
 - Pasyan ki pran youn oswa plizyè gwo desizyon medikal.
 - Pasyan k ap fè fas ak pwoblèm emosyonèl oswa k ap kriye akòz yon zanmi oswa yon manm fanmi fèk mouri.
 - Pasyan ki bezwen yo raple yo oswa ankouraje yo manje oswa bwè, kote se yon manm fanmi oswa yon asistan pou swen ki t ap fè bagay sa yo.
 - Pasyan ki te abitye pale epi gen konvèsasyon ak lòt moun, pale raman.
- Vizitè yo kapab oblije mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ki apwopriye, sa ki pa kapab pi strik pase egzijans manm pèsònèl la.
- Jackson Health System pa mande vizitè yo pou bay prèv vaksen COVID-19 oswa okenn lòt estati vaksinasyon kòm kondisyon pou vizit.
- Jackson pèmèt kontak fizik ak konsantman ant rezidan/pasyan ak moun yo renmen yo, sòf si sa limite pou rezon medikal, sekirite, oswa vi prive.
- Pasyan yo gen dwa pou yo chwazi kilès ki ka vin vizite yo pandan yo entène, epi yo gen dwa pou yo retire oswa refize konsantman pou nenpòt moun vizite yo nenpòt kilè.
- Lopital la gen dwa mete fen nan privilèj vizit nenpòt vizitè si sa nesesè pou sekirite, pwoteksyon, oswa byennèt pasyan yo, anplwaye yo, ak vizitè yo.